



Pou Piblikasyon Imedya: 11/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON NAN DEVLOPMAN
LOJMAN MILTIFONKSYON KI NAN PRI ABÒDAB POU GRANMOUN AJE NAN
BUFFALO YO K AP KOUTE 17 MILYON DOLA**

*La Plaza de Virginia pral ofri 46 lojman nan pri abòdab ak sipò pou granmoun aje
yo avèk Sant Sèvis Kominotè pou Granmoun Aje ak Café*

*Fè pati plan lojman nan pri abòdab san parèy, sou senkan, 20 milya dola Gouvènè
Cuomo a*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse kòmanisman konstriksyon devlopman lojman ki nan pri abòdab k ap koute 17 milyon dola ki pral ofri 46 lojman nan pri abòdab pou granmoun aje nan Buffalo yo. Yo konnen li kòm La Plaza de Virginia, devlopman an pral gen ladan tou yon sant sèvis kominotè pou granmoun aje ak café. Devlopè a se Hispanos Unidos de Buffalo, yon òganizasyon ki san bi likratif ki bay sèvis sosyal entegre pou kominote ki defavorize yo nan zòn Buffalo. La Plaza de Virginia fè pati Plan lojman nan pri abòdab san parèy, sou senkan, 20 milya dola Gouvènè Cuomo a

"New York te fè investisman san parèy nan devlopman lojman ki nan pri abòdab epi ki gen sipò, pou kreye kominote dinamik pou granmoun aje yo ki gen revni fiks pou mennen lavi satisfèzan nan tout kote nan eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "La Plaza de Virginia pral bay lojman sipò ak sèvis swen sante pou ede kèk nan rezidan Buffalo ki pi vilnerab nou yo viv yon fason endepandan ak ranfòse angajman nou pou asire tout Nouyòkè gen aksè ak lojman san danje ak abòdab."

"Tout Nouyòkè merite yon kote ki kenbe yo cho ak sekirite yon twa sou tèt yo ak sèvis yo bezwen, espesyalman pandan n ap konbat pandemi sa a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pwojè sa a pral kreye 46 lojman abòdab ak bay sèvis sipò, ki gen ladan yon sant kominotè pou granmoun aje ak yon café, pou granmoun aje defavorize nan Buffalo yo. Atravè plan lojman san parèy sou senkan Gouvènè Cuomo a, nou angaje pou konbat sanzabri ak amelyore kalite lavi pou tout Nouyòkè yo".

Sitiye nan 254 Virginia Street, La Plaza de Virginia pral gen ladan 46 apatman yon sèl chanmakouche pou fanmi ki granmoun aje yo ki gen revni ki nan 60 pousan oswa pi ba Revni Mwayen Zòn lan. Katòz apatman pral rezève pou granmoun aje ki te sanzabri anvan sa ki pral resevwa sèvis sipò pou ede yo fè tranzisyon nan lojman kolektif ak jwenn estabilite nan lojman. Sèvis sipò yo jwenn finansman atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State Gouvènè a epi se Depatman Sante Eta New York ki administre yo.

Pami sèvis sipò ki pral ofri ak lokatè yo, HUB pral bay jesyon swen global, sipò pou itilizasyon sibstans ak sante mantal, sèvis konsèy, gadri sosyal, transpò, oto jesyon medikaman, kowòdinasyon swen sante, defans, lwazi, atelye edikatif ak fòmasyon, ansanm ak referans ak lyezon ak sèvis kominotè yo.

Bilding lan pral gen ladan lakou kominotè 4,000 pye kare, salon ak sal lesiv nan chak etaj, ak yon Sant Sèvis Kominotè pou Moun Aje 5,500 pye kare. Anplis de sa, pwojè a pral atribiye espas nan sant kominotè yo pou bay sèvis swen sante primè bay lokatè yo ak rezidan yo nan kominote lokal la, ki gen ladan biwo pou pwofesyonèl medikal ak sal egzamen ki gen kapasite pou telesante. Yon ti café nan premye etaj pwojè a pral okipe rès espas komèsyal la pou bay aksè ak bon manje pou rezidan yo ak piblik jeneral la.

Finansman La Plaza de Virginia gen Kredi Taks eta ak federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb (Low Income Housing Tax Credits) ki te jenere yon total 10.6 milyon dola nan fon pwòp ak 3.1 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan HCR. Empire State Development ap bay 1.9 milyon dola atravè Fon Better Buffalo, yon pati nan inisiyativ Buffalo Billion Gouvènè Cuomo a. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSEDA) te bay finansman tou. Ajans Renouvèlman Iben Vil Buffalo (Buffalo Urban Renewal Agency, BURA) a ap bay 950,000 dola.

Stieglitz Snyder Architecture te dirije konsepsyon yon pwojè 3 etaj ke Kullback's Construction pral konstwi, tou de sitiye nan Buffalo, NY. Rochester's Cornerstone Group pral bay sèvis jesyon pwopriyete epi se Hispanos Unidos de Buffalo ki pral kowòdone sèvis sosyal ak sipò yo.

Devlopman fèt pou bay bon kalite kay abòdab pou fanmi ki gen revni ba yo ak moun ki bezwen sèvis sipò yo, devlopman an fè pati estrateji jeneral Gouvènè a pou relanse kominote yo ak devlope ekonomi an. Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te envesti 273 milyon dola nan vil Buffalo ki te kreye oswa prezève apeprè 3,000 lojman abòdab.

Angajman Gouvènè Cuomo pou bay tout Nouyòkè yo aksè ak lojman san danje, abòdab rann lojman pi aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a lè y ap konstwi epi prezève 100,000 inite lojman ki nan pri abòdab, ki gen ladan yo 6,000 inite lojman sipò.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare, "Anba direksyon Gouvènè Cuomo, HCR ap ranfòse efò revitalizasyon ekonomik yo nan Buffalo atravè konstriksyon devlopman lojman miltifonksyon ki nan pri abòdab ki kreye kominote dinamik avèk aksè fasil pou jwenn sèvis. La Plaza de Virginia kontinye apwòch sa a avèk 46 lojman nan pri abòdab ak ki bay sipò mete avèk yon Sant Sèvis pou Granmoun Aje ak café nan premye etaj la pou benefisyè tout kominote a. Nou rekonesan pou patnè ajans nou yo nan eta a ak HUB dèske yo pèmèt devlopman sa a avanse".

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare, "Fon Better Buffalo a ankouraje devlopman miltifonksyon yo pou kreye distri komèsyal dinamik ak katye rezidansyèl nan zòn ki gen aksè ak transpò komen yo. La Plaza de Virginia se yon bon egzanp, youn ki pral transfòme yon teren ki te vid an lojman ak ekipman ki nan pri abòdab pou granmoun aje yo nan Buffalo".

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te deklare, "Pandemi COVID-19 la te raple nou tout enpòtans pou asire sitwayen granmoun ki aje yo aksè rapid ak swen sante ak sèvis sosyal nan yon kominote ki solidè, ke La Plaza de Virginia pral bay. Sitiye nan kè Buffalo, pwojè a fè pwogrese inisyativ Sante Atravè tout Règleman (Health Across all Policies) eta a ak efò nou pou rann New York eta nan nasyon an ki pi adapte ak moun ki pi aje".

Doreen M. Harris, Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Entegre karakteristik dirab ak rezistan avèk klima nan kay ki fèk konstwi yo pou sitwayen ki pi vilnerab yo esansyèl pou kreye pwochen jenerasyon bilding ki sen, ki gen fèb emisyon kabòn pandan n ap reyalize objektif Gouvènè Cuomo yo pou yon tranzisyon ekita ak jis nan yon ekonomi net an kabòn. Nou aplodi Hispanos Unidos de Buffalo pou angajman li anvwònman an ak kominote a epi felisite yo pou kòmansman konstriksyon nan La Plaza de Virginia".

Senatè Tim Kennedy te deklare, "Pandan nasyon nou an kontinye fè fas ak yon kriz lojman nan pri abòdab, eta nou an ak patnè ekstraòdinè nou yo tankou Hispanos Unidos de Buffalo rete angaje pou envesti nan nouvo opòtinite lojman yo ki pral bay resous sipò, dirab dirèkteman nan kominote yo ki bezwen yo. Avèk èd Eta New York ak Vil Buffalo, pwojè sa a se vrèman yon efò an ekip, epi mwen kontan anpil pou wè vizyon enkwayab HUB k ap rapwoche pou tounen yon reyalite".

Senatè Sean Ryan te deklare, "Avèk gwo sipò finansye Eta New York, La Plaza de Virginia se pral yon devlopman transfòmasyonèl pou Pati Lwès Buffalo. Lè nou konbine lojman ki nan pri abòdab pou granmoun aje yo avèk sèvis sipò yo, yon sant kominotè, ak sèvis swen sante yo, nou pral amelyore byennèt global rezidan nan Pati Lwès yo ki souvan manke aksè ak sèvis enpòtan sa yo. Mwen pa ka tann pou wè ouvèti nouvo devlopman sa a, epi mwen remèsye Hispanos Unidos de Buffalo ak tout travayè yo ki pral pèmèt bilding sa a tounen yon reyalite".

Manm Asanble Jonathan Rivera te deklare, "Se egzakteman kalite pwojè ke Eta New York ta dwe sipòte, se pa sèlman abòde yon nesesitye, se pa sèlman kreye lojman nan pri abòdab, se pa sèlman ede popilasyon granmoun aje nou an, se pa sèlman bay yon espas pou moun yo rasanble san danje, men se pou akonpli tout sa yo ak lòt ankò. Mwen remèsye tout moun ki enplike nan gwo investisman sa a nan kominote sa a ki souvan defavorize".

Chèf Egzekitif Konte Erie a, Mark Poloncarz te deklare, "Yon mank lojman ki nan pri abòdab afekte granmoun aje yo espesyalman di epi ogmante risk pou tonbe nan

sitiyasyon sanzabri ak tout pwoblèm sante-sekirite ki mache ak sa. Devlopman La Plaza de Virginia ke Hispanos Unidos de Buffalo ap reyalize a pral bay sèvis lojman ak sipò pou granmoun aje defavorize ki nan Buffalo yo, ogmante swen yo ak ofri opòtinite ak sosyalizasyon ki vini ak sa lè yon moun fè pati yon kominote. Se yon bon devlopman pou kominote a, epi, pi enpòtan toujou, pou evantyèl rezidan yo".

Direktè Egzekitif HUB la, Eugenio Russi, te deklare, "Hispanos Unidos de Buffalo fyè pou kontinye agrandi anprent nou nan kominote a atravè devlopman lojman pou granmoun aje global sa a, ki pral sèvi kòm yon modèl pou dirabilite, abòdabilite ak entegrasyon sèvis sosyal/swen sante. Nou bay anpil valè ak sipò Majistra Brown lan, Sena Eta a, òganizasyon kad Acacia Network, ak patnè nou yo, ki gen ladan Empire State Development, NYSERDA, National Equity Fund ak Citizens Bank, pou pèmèt pwojè sa a vin posib".

Konsènan Hispanos Unidos de Buffalo, Inc.

Hispanos Unidos de Buffalo se yon òganizasyon ki san bi likratif ki baze nan Buffalo, New York, ki bay swen entegre ak sèvis sosyal pou kominote defavorize yo - espesyalman Ispanik/Latino ak Afwo-Ameriken- nan Rejyon Nò Eta a. Fonde nan ane 1989, misyon HUB te agrandi pou pèmèt rezidan yo vin sitwayen oto-sifizan ki kontribiye nan kalite lavi nan kominote yo a. HUB avèk òganizasyon afilye li yo jere pwogram sante, lojman ak sèvis sosyal global yo, ki gen ladan: lojman nan pri abòdab epi ki bay sipò; relojman rapid sivivan vyolans domestik yo ak sanzabri ki gen rapò ak COVID-19; swen medikal primè ak sou-espesyalize, tretman pou sante mantal ak itilizasyon sibstans; sèvis VIH; sèvis sante adomisil; sèvis nitrisyonèl, edikatif ak pwofesyonèl, ansanm ak sèvis prevantif pou anpeche mete timoun yo nan fanmi dakèy ak sèvis pou sivivan vyolans domestik.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)